АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№19 (10013)
РУЗМАН
13 май 2022 сон
12 ШАВВАЛ 1443 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

■ БАЙРАМАЛ, ТАДБИРАЛ

## Ирсилазул рекIелъ хутIила даим

**КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса 77 сон тIубай кIодо гьабун байрамиял тадбирал тIоритIана 9 маялъ районалда.**









Бищун аслияблъун букIана ХIебда тIобитIараб рагъул гIахьалчагIи ракIалде щвезариялъул байрамияб митинг. КIиго соналъ пандемия сабаблъун гIатIидго тIобитIизе рес ккечIеб Бергьенлъиялъул парадалъул чвахи хIайранаб ва гучаб букIана исана. Гьелъул гIахьалчагIазул рекIел хIалалъ загьир гьабулеб букIана, пашманлъи жиндилъ букIаниги, киналго урхъараб байрам гьеб букIин.

КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул лъимал, лъималазул лъимал, гьезулги лъимал цо кьерда эхетун, жидерго бахIарчиял умумузул сураталгун, байрамияб ретIа-къайгун цолъун рукIана хвел гьечIезул къокъаялъулъ.

ГIадатияблъун лъугьун, райадминистрациялдаса ва школалдаса рачIунел къокъаби цолъана Афгъан рагъда чIваразул памятникалда цере. Гьенир тIугьдулги лъун, киналго сверана МахIмуд ГьитIиновасул цIаралда бугеб хIухьбахъиялъул паркалде. Байрамалъул аслияб тадбир тIобитIана гьениб КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазе бараб памятникалда цебе.

Байрамиял кIалъаялгун цере рахъана районалъул бетIер МухIамад ХIасанов, районалъул ветераназул Советалъул председатель МухIамадрасул АсхIабов, райбольницаялъул тохтир Чакар Ражабова, коммунистазул партиялъул председатель Нажмудин ХIажиев, армиялде ахIизе гIурал гIолилазул рахъалдаса кIалъана ХIебда гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъан НурмухIамад НурмухIамадов.

- Нилъер умумуца ирсалъе тараб нилъер цолъиги, ВатIан бокьиги, бахIарчилъиги, хIинкъи гьечIолъиги нилъеда кIочене гьечIо. Гьеб жакъа цIакъ хIажат буго нилъер букIинеселъе гIоло,- ян абуна МухIамад ХIасановас райадминистрациялъул ва райсобраниялъул рахъалдасан Бергьенлъиялъул къо баркулаго.

(Ахир 2-леб гьум.)

■ ШАПАКЪАТАЛ



## БахIарчилъи кIодо гьабуна

**МачIадаса контракталъулаб хъулухъалъул сержант, Украинаялда унеб бугеб спецоперациялъул гIахьалчи Ибрагьимхалил ХIажиевас гьабураб бахIарчияб иш мустахIикъаб буго реццалъе ва мисалалъе.**

Донбассалда рагъулал лъугьа-бахъиназда аскIор рукIарал хъулухъцадахъал цIунун бихьизабураб хIинкъи-къай гьечIолъиялъухъ, дагьал церегIан къояз, ДР-ялъул бетIер Сергей Меликовас Ибрагьимхалил ХIажиевасе «За заслуги перед Республикой Дагестан» абураб орден сайгъат гьабуна. Гьеб ккола нилъер республикаялъул бищун тIадегIанаб шапакъат.

ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА

■ БАЙРАМАЛ, ТАДБИРАЛ

# Ирсилазул рекIелъ хутIила даим



(Байбихьи 1-себ гьум.)

КIочон течIо жакъа Украинаялъул ракьалда унел ругел тунка-гIусиязул гIахьалчагIиги. Гьенив чIварав ХIотодаса МухIамад МахIачев вихьизавун вукIана «БахIарчилъиялъул орденалъе». Инсул суратгун парадалда гIахьаллъарал гьесул васал МухIамад ва МухIамадрасул МахIачевазухъе кьуна районалъул бетIерас гьеб орден.



МухIамад ва МухIамадрасул МахIачевал

Баркиялъул кIалъаял гьарулезулъ вукIана Украинаялда унеб бугеб спецоперациялъул гIахьалчи Гьоориса Шарапудин Хизроев. Гьес бицана жакъасеб къоялъги нилъер бахIарзал улкаялъул парахалъи цIуниялъе эхетизе хIадур рукIин ва жидерго тIадаб борч тIубалаго нилъер васаз бихьизабулеб бугеб бахIарчилъиялъул.



Хадубккун, Юнармиялъул ва лъималазул хоралъул церерахъиналъ жигараб байбихьи лъуна байрамияб концерталъе ва патриотикияб ахIвал-хIал тIибитIизабуна райцентралда. Рагъулаб тематикаялда хIайранал церерахъинал рихьизаруна ХIебда садикалъул ва школалъул гьитIичаз. Маданияталъул отделалъул гьунарчагIаз хIадурараб концерталда цере рахъана Сакинат ГIумарова, ГIарип ГIарипов, Муслимат ХIажиева. Берцин гьабуна байрам ТIидиб ва ХIебда искусствоялъул школазул цIалдохъабазул церерахъиназги.





Украинаялда спецоперациялъул гIахьалчи Хизроев Ш.Х.

Райцентралда гуребги щибаб росулъги тIоритIула санайил байрамиял тадбирал. Бищун гьитIиналдаса чIахIиял росабазде щвезегIан щибаб росулъ хвел гьечIезул къокъабаз ва митингаз къалъун рукIана къватIал. Бергьенлъиялъул ирсилаз свин гьечIеб чирахълъун ккун рукIана жидерго умумузул цIаралгун суратал.






КъахIиб тадбир

КIудияб Бергьенлъиялъул къоялде тIоритIарал тадбиразулъ цIакъ берцинаб бакI ккураблъун лъугьана 7 маялъ тIобитIараб автомобилал риччай. Россиялъул ва Бергьенлъиялъул байрахъаз къачIарал машинабазул къокъаялъ райцентралдаса ГIурада генерал-полковник М.Танкаевасул музеялде цере щвезегIан свери бахъана. Гьенир гIахьаллъарал районалъул нухмалъулез музеялда цере гьаруна баркиялъул кIалъаял, ракIалде щвезабуна МухIамад Танкаевасул бахIарчияб гIумрудул ва рагъулаб нух.

**ТI. МУХIАМАДОВ**




Ракьуб парад



■ БАЙРАМАЛ, ТАДБИРАЛ

# ГIидалъул къоялде руссарал тадбирал

**Араб анкьалъ тIолго районалъул росабалъ тIоритIана кIалбиччанкъоялъул байрамалде руссарал тадбирал. 2-4 маялде щвезегIан батIи-батIиял спортивиял тайпабазул къецал гьаруна районалъул 15 росулъ- ХIотода, Ругъелда, Гъоркьа Бакълъухъ, Гъогъолъ, Гьолокь, Къваниб, МачIада, ТIелекь, ТIидиб, ТIогьохъ, ГьентIа, Гьоор-Хьиндахъ, КъахIиб, Датуна ва ЦIекIоб росабалъ.**

ГIахьаллъизе щваразул бищун цIикIкIун къадар бугеллъун рукIана волейболалъул къецал. Гьединго, рукIана батIи-батIиял тайпабазул къецалги.

Гъоркьа Бакълъухъ росулъ тIобитIана жиндир баракат щваяв ГIабдулгьафурил МухIамад ракIалде щвеялъе волейболалъул турнир.

Гьолокь росулъ тIобитIана МухIамадхIажи МухIамадов ракIалде щвеялъе волейболалъул хIаял.

Росдае мунпагIат ва кIвар цIикIкIарал ругеллъун рукIарал росуцоял ракIалде щвеялъул мурадалда тIоритIана ТIогьохъ спортивиял къецал-волейбол хIай, рекери, кIанцIи, гиря борхи, канат цIай, чIорбутI речIчIи, суалал-жавабал ва гьел гурелги цогидал хIаял. Тадбиралда лъикIал кIалъаял гьаруна росдал имам ШехмухIамадов Абубакарица ва херазул Советалъул председатель МухIамаднабиевас. Церерахъараз ахIана росуцоял ВатIан бокьулел, гьелъие мутIигIал ва кирго мисалияллъун рукIине. Херазул Советалъул председателас цIалана Донбассалда ругел солдатазде гьабураб кечI ва насихIат.

Къецазда бергьаразе батIи-батIиял шапакъатал кьураллъун рукIана районалъул депутат Ибрагьим ХIажиев, имам Абубакар ШехмухIамадов, бизнесмен МухIамад Юсупов ва цогидал.

ГIакълилаб рахъалъул спорталде гъира бугезе Гьоор-хьиндахъ росулъ тIоритIана шашкаби ва шахматал хIаязул къецал.

Гьединго, 10 гIанасеб сон буго ГIидалъул байрамалда хурхун, Ругъелда кIалбиччанкъоялъ киналго районалъул росабазул имамзабиги, гIалимзабиги ахIун мажлис тIобитIулеб. Гьелъие кьучI лъуравлъун ккола Къелеса гIалимчи ГIусманхIажияв.

Исанасеб тадбиралдаги гIахьаллъана гIемерал имамзабиги, къелдерил росабалъа жамагIаталги. Мажлис гIуцIараб букIана ГIусманхIажиясул вас, хIафиз ХIамзат ракIалде щвеялъул мурадалда. Данделъиялда рорхана жакъасел къоязул кIвар бугел суалалги, бицана гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъул, гьединго, Рамазаналдаса хадуб инсанасул букIине кколеб хьвада-чIвадиялъул бицунел рахъалги рехсана.

Данделъи нухда бачана ругъелдисезул имам Аюб ЗайнулгIабидовас. Гьенирго къиматал сайгъатаздалъун кIодо гьаруна Рамазан моцIалъ тIоритIарал как битIун баялъул ва битIун каки чуриялъул конкурсазда бергьаралги, мажгитазде какде хьвадулел бищун гIисинал лъималги, гьоркьоб течIого кIалккимоцIалъ мажгиталде как базе аралги. Данделъиялдаса хадуб гIуцIун букIана бечедаб тепсиялъул столги.

ГIидалъул байрам кIодо гьабиялде буссун, гIолилал сахаб гIумруялде куцалел, жамагIат цолъулел, вацлъи цIунулел гьединал тадбирал тIоритIи цIакъ лъикIаб гIадатлъун лъугьун буго нилъер районалда гьал ахириял саназ.

ПатIимат **ЖАМАЛУДИНОВА**



Гьолокь



Бакълъухъ


ТIогьохъ


Къелеб мажлис

# М.Танкаевасул призалъе турнир

**16 соналъ иргадал Шамил районалъул спорт бокьулелщиназул кинабго кIвар буссинабулеб тадбирлъун буго нилъер ракьцояв, рагъулав генерал-полковник МухIамад Танкаев ракIалде щвезавиялъе волейбол хIаялъул турнир.**

8-9 маялда тIобитIана гьеб исанаги. Турниралда гIахьаллъана районалъул росабалъа 13 команда. Гьел ккола ГIасаб, ГIуриб, Гьолокь, Гьоор, Гъогъолъ, КъахIиб, Ругъелда, ТIасабакълъухъ, ТIелекь, ТIидиб, ТIогьохъ, ХIебда, ХIотода росабазул гIолилазул командаби.

Турнир рагьана районалъул бетIер МухIамад ХIасановас. Гьес киналго спортсменазда ва балагьаразда баркана Бергьенлъиялъул къо –9 май, гьарана хIаязулъ бергьенлъи ва икъбал. Баркиялъул кIалъай гьабуна М.Танкаевасул гIагарлъиялъул рахъалдаса ХI.Хижаловас, районалъул маданияталъул, спорталъул ва гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ГI.ГIабдулмухIамадовас. Турниралда диван гьабизе ахIун рукIана махщел бугел судияби. Турнир рагьиялъул тадбиралда спортсменазда цере рахъана ХIебда махщалил школалъул гьитIичал.

КIиго къоялъ халат рахъарал хIалуцарал хIаязул хIасилазда рекъон финалалде рорчIана ТIелекь, Гьоор, Гъогъолъ ва Гьолокь росабазул командаби. Турниралда бергьенлъи босана ТIелекь росдал командаялъ, кIиабилеб бакI щвана Гьоориб росдал командаялъе ва лъабабилеб бакI –Гъагъадерил командаялъе. Кидагосел гьеб турниралъул бергьенлъи кодоб букIараб Гьолокь росдал командаялъе бакI щвечIолъи тамашалъун букIана киназего. Гьелъ батила балагьаразул цIакъ гьира балеб хIалалда арал гьел къецал.



Турнир лъугIигун бергьаразеги призеразеги кьуна кубок, дипломал, медалал ва гIарцулал сайгъатал. Гьединго рихьизаруна турниралъул бищун лъикIав игрок-ХIажимурад ХIусенхIажиев (ТIелекь), бищун лъикIав гьабулев- МуртазгIали Юсупов (ТIелекь), бищун лъикIав защитник- МухIамад Исрапилов (Гъогъолъ), бищун лъикIав пас кьолев-ГIалимухIамад ГIалиев (Гьолокь), бищун лъикIав блокирующий- Шамиль Рамазанов (Гьоор).

ГIаммаб къагIидаялъ босани, къецал ана гIуцIадго ва балагьаразе гьира цIикIкIараб хIалалда. Соналдаса соналде гьеб турниралъул профессионалияб рахъ борхулеб букIин рехсолеб букIана балагьараз.

Давуд **ДАВУДОВ**





# Машгъурал спортсменазул малъа-хъваял

**ХIебда лъималазул спортивияб школалъул (ДЮСШ) директор ГьитIихIма Ибрагьимовасул жигарчилъиялдалъун, 6 маялъ нилъер районалъул цIар рагIарал спортсменаз спортшколалда куцалелщиналгун гьабуна дандчIвай.**

Тадбиралде ахIун рукIана МахIачхъалаялда ХIамид ХIамидовасул цIаралда бугеб спортшколалъул тренер, спорталъул мастер МухIамад Дибиров, Европаялъул ва дунялалъул чемпионатазул чанцIулго призер, олимпиадаялъул гIахьалчи ГIали Шабанов, гIолилал спортсменазда гьоркьов Россиялъул чемпион Асадула Ибрагьимов, дунялалъул чемпионаталъул призер, олимпиялъул хIаязул гIахьалчи МухIамадхIажи Нуров, халкъазда гьоркьосеб классалъул спорталъул мастер, чанго турниразда бергьенлъи босарав МухIамад ХIажиев, гIолилазда гьоркьов дунялалъулго чемпион МухIамад Иманшапиев ва цогидал.






Лъималазулгун пайдаяб гара-чIвари гьабун хадуб, гьабуна цадахъаб тренировка, рихьизаруна мастер-классал, спортсменаз гIисинаб гIелалъе бикьана жидерго хIалбихьи ва малъана приемал.

- Гьадинал дандчIваял ва мастер-классал чара гьечIого хIажат рукIуна лъималазе. ЦIар рагIарал спортсменазулгун бухьен гьаби цIакъ лъикI буго. ТIадчIун тренировкаби гьарурал лъималазе рахине щолеб борхалъиялъул, росисе бегьулел бергьенлъабазул берда цебе бугеб мисаллъун руго гьел. Гьездаса хIал бахун, гъира бан, гIисиназулги рахъине руго гIемерал чемпионал ва машгъурал смортсменал, -ян абуна ГьитIихIма Ибрагьимовас.

ДандчIваялъул ахиралда ДЮСШялъул директорас кIудияб баркала загьир гьабуна, замана батун, гIун бачIунеб гIелалъе малъа-хъваял гьаризе щварав тренерасе ва чемпионазе.

**НИЖЕР МУХБИР**

# ЧIорбутI речIчIиялъулъ бергьенлъаби

**Къо банагIан Дагъистаналда машгъурлъулел ругел миллиял спорталъул тайпабаздасан ккола чIорбутI речIчIиялъул къецал. Севастополь шагьаралда 5-7 маялъ тIоритIана Россиялъул кубокалъул чIорбутIалдаса гIужилго речIчIиялъул «3D Archery» турниралъул 1-себ этап.**




КвегIиса ИмангIалиев, бакьулъ Мирзаев



Командабазул дандчIваялда бищун къуватаздаса рукIарал Москваялъул гIужихъаби нахъутун, тIоцебесеб бакI щвана Дагъистаналъул командаялъе. Бергьенлъи босараб команда гIуцIун букIана 3 чIорбутIчагIаздаса. Меседил медалал росараздаса кIигоял ккола нилъер районалдаса- ТIелекь росулъа МухIамадгIариф Мирзаев ва ТIогьохъа МухIамадкъасум ИмангIалиев. Гьел кIиялго ккола нилъер районалъул чIорбутI речIчIиялъе ругьун гьариялъул «Ас-Сафра» клубалда куцалеллъун.

Щивасе батIа гьабулеб къецалдаги кIиабилеб бакI щвана блокаялъ гьабураб 3D чIорбутI речIчIиялъулъ ТIогьохъа МухIамадкъасум ИмангIалиевасе.

Баркула районцоязда лъикIал хIасилал. Жеги гIемерлъайги бергьенлъабазе мустахIикълъарал гьединал тадбирал.

**ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА**

■ МЧС ИНФОРМИРУЕТ

# Операция «Отдых — 2022»

В целях стабилизации обстановки с пожарами, а также в соответствии с планом основных мероприятий отделения надзорной деятельности и профилактической работы №17 по Шамильскому, Хунзахскому, Тляратинскому, Цунтинскому районам и Бежтинскому участку УНД и ПР ГУ МЧС России по Республике Дагестан с 01 апреля по 01 сентября 2022 года проводится надзорно – профилактическая операция под условным названием «Отдых – 2022».

В период данной операции будут проведены надзорные и профилактические мероприятия, направленные на повышение пожарной безопасности на объектах отдыха и оздоровления детей, в том числе плановые (внеплановые) проверки за противопожарным состоянием оздоровительных учреждений с привлечением заинтересованных организаций.

Информируя об изложенном, необходимо руководителям детских спортивно-оздоровительных учреждений и руководителям объектов отдыха граждан:

1.Провести профилактический осмотр и ремонт электрических сетей и электрооборудования;

2.Организовать и провести обучение обслуживающего персонала объектов отдыха и оздоровления детей, учреждений мерам пожарной безопасности, действиям в случае возникновения пожара;

3.Поручить лицам, ответственным за пожарную безопасность объектов отдыха и оздоровления детей, разработать графики проведения практических тренировок по отработке планов эвакуации людей. Предусмотреть проведение практических занятий по отработке действий обслуживающего персонала и учащихся образовательных учреждений при эвакуации из здания в случае возникновения пожара один раз в месяц;

4.Рассмотреть вопрос создания формирований добровольной пожарной охраны на объектах отдыха и оздоровления детей, находящихся за пределами нормативного радиуса выезда подразделений государственной противопожарной службы;

5.Провести плановые профилактические осмотры и ремонтные работы систем автоматической противопожарной защиты;

6.Обеспечить безопасность людей в зданиях путем приведения в надлежащее состояние путей эвакуации;

7.Объекты с ночным и круглосуточным пребыванием людей обеспечить аварийным освещением, электрическими фонарями;

8.Очистить чердачные и подвальные помещения, пути эвакуации и территории от сгораемых материалов и мусора, двери на чердаки и в подвальные помещения содержать закрытыми на замки. На прилегающих территориях запретить сжигание отходов;

9.Организовать проверку систем внутреннего и наружного противопожарного водоснабжения.

При обнаружении пожара или задымления сообщите в пожарную охрану по номеру «101» или «112»!

**Главный государственный инспектор Шамильского района по пожарному надзору Мурад Гамзатов**

ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ

П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
П.Гь. Жамалудинова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ

Д.Давудов
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Щияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД) Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50